# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के चउथा फेरा क परचार अभियान आजु संझा खतम हो गइल। येह फेरा में प्रदेस के शांहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर, अउर बहराइच संसदीय सीटिन पर तेहर मई के चुनाव होइ। चुनाव परचार के आखिरी दिन्ने भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कन्नौज लोकसभा क्षेत्र के झींझक अउर कानपुर लोकसभा सीट के तहत आवे वाले कानपुर नगर में अलगि–अलगि जनसभा क संबोधित कइले। ओहीं, भाजपा क सीनियन नेता अउर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह क फर्रूखाबाद में प्रस्तावित रोड–सो आजु निरस्त हो गइल। सपा नेता अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव आजु कन्नौज में परचार कइ के ओट मंगले।

येह बिच्चे रायबरेली जिला में भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक प्रबुद्ध वर्ग सम्मेलन के संबोधित कइले। कांग्रेस क सीनियर नेता अउर हरियाणा सरकार क पूर्व मंत्री कैप्टन अजय सिंह यादव रायबरेली में चुनाव परचार कइले।

उहां के जातीय जनगणना क ओकालत करत राहुल गांधी के जितवले क अपील कइली। रायबरेली में पचवां फेरा में बीस मई के चुनाव होइ।

ओहर, छठवां फेरा के चुनाव में सामिल जौनपुर लोकसभा सीटि के बदलापुर मे भाजपा क सीनियर नेता अउर उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी जनसभा कै संबोधित कइले। उहां के कहलीं कि मोदी सरकार में सबका साथ, सबका विकास के कदम पर देस अउर प्रदेस क विकास कइल गइल हौ।

**********

भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला तेरह अउर चौदह मई के बीस घंटा ले बनारस में प्रवास करिहें। उहां के तेरह मई के संझा के बनारस पहुंचिब। उहां के पांच किलोमीटर लमहर रोड–सो में सामिल होइब। जेकरे जरिया से कासी में लघु भारत क तस्बीर देखावे क कोसिस होई। चौउदह मई के उहां के दरसन पूजन कइले के बाद कलेक्ट्रेट सभागार मे नामांकन करिहें। उनकरे दौरा अउर रोड–सो के देखत सुरक्षा क कड़ेर इतिजाम कइल जा रहल हौ।

**********

लोगिन के ओट देवे खातिर जागरूक करे बदे प्रदेस के कई गो जिलन में अलगि–अलगि जनजागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ। बनारस जिला में छात्रा आजु रैली निकारे के लोगिन के मतदान के प्रति जागरूक कइलिन। भदोही जिला में स्वीप के तहत मतदान प्रतिसत बढ़ावे खातिर प्राथमिक पाठसाला महजूदा में बूथ चरचा क आयोजन कइल गइल। स्वीप प्रभारी अउर मुख्य विकास अधिकारी येह मौका पर बुजुर्ग मतदाता लोगिन के सम्मानित कइले। प्रयागराज जिला में सैंड आर्टिस्ट अजय गुप्ता अउर उनकर टीम सैंड आर्ट तइयार कइ के मतदाता जागरूकता क सनेसा दिहलस। एगो अउरियों कार्यक्रम में मण्डलायुक्त विजय विश्वास पंत माध्यमिक विद्यालय के प्रधानाचार्यन के मौजूदगी में मतदाता जागरूकता के खास कार्यक्रम क सुभारम्भ कइले।

**********

बिहार क राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ अरलेकर आजु अजोध्या पहुंच के रामलला क दरसन कइले। महर्षि बाल्मीकि एयरपोर्ट पर उनकर स्वागत कइल गइल। दरसन पूजन के बारे में सर्किट हाउस में उहां के कहलीं कि उहां के प्रभु राम से उत्तर प्रदेस अउर बिहारे नाही बलुक पूरा देस के सुख सान्ति के कामना कइले हईं। राज्यपाल कहले कि अजोध्या में बहुते बदलाव भइल हवे। अउर ई बदलाव खाली प्रभु राम के कृपा अउर सज्जों के सहजोग के नाते संभव हो पावल हवे।

**********

राष्ट्रीय नाट्य विद्यालय एनएसडी स्कूली लइकन बदे तेइस मई से ग्रीस्मकालीन नाट्य कार्यशाला क आयोजन कइ रहल हवे। एनएसडी बतवले हवे कि येहमें आठ से सोरह बरिस उमर तक ले क लइके हिस्सा ले सकेले। ई कार्यसाला पनरह जून ले रोजे दुपहरिया साढ़े तीन बजे से संझा सात बजे ले होइ। येह कार्यसाला में हिस्सा लेवे बदे आवेदन सुरू हो चुकल बा। अउरियों जानकारी खातिर एनएसडी के वेबसाइट पर संपर्क कइल जा सकेला।

**********

झांसी जिला के बड़ा गांव थानाक्षेत्र में पारीक्षा थर्मल पावर हाउस के सामने झांसी कानपुर हाइवे पर बितल आधी राति के एगो सड़क दुर्घटना से कार में लागल आग के नाते दूल्हा के लेके चारि जने क जिन्दा जरि के मउति हो गइल। गम्हीराहे घाही दुइ जने के इलाज बदे अस्पताले में भरती करा दिहल गइल हौ। कार में दूल्हा के लेके कुलि छौ लोग सवार रहले। हमार प्रतिनिधी बतवले हवे कि पावर हाउस में राति मे बारह बजे के करिब जइसही कार पहुचल पाछे से आ रहल एगो टरक जोरदार ठोकर मारि दिहलस। एकरे नाते कार में लगल सीएनजी टैंक फट गइल अउर ओहमें आग लागि गइल।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूर्वी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, बलिया, देवरिया, कुशीनगर के लेके कई गो जिलन में आजु अउर बिहने हलुकाहे बरखा क आगम जतवले हवे। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवले हवे कि पच्छिमी विक्षोभ के साथे–साथे पूर्वी अउर पछुआ बेयारि के मिलन के नाते मौसम में ई बदलाव हो रहल हौ। येह बिच्चे, बरेली, पीलीभीत अउर मैनपुरी के लेके प्रदेस क कई गो जिलन में आजु हलुकाहे से लेके

मध्यम बरखा भइल। पीलीभीत जिला के गजरौला थानाक्षेत्र के गांव सुहास में खेत में काम कइल रहल एगो किसान पर आकासीय बिजुली गिरले से ओकर मउति हो गइल। अयोध्या में आजु दुपहरिया लोगिन के धुरियाइल आन्ही क सामना करे के पड़ल।

**********